**ЧЕЧЕНСКАЯ РЕСПУБЛИКА**
**МБОУ «Гудермесская СШ №7»**
**Гудермесского муниципального района**

**Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин кхеташо**

1 Кхеташо
Протокол №1
Хьалхара заседани хилира 28-чу августехь 2024 ш.
Кхеташонехь хилларш: Мутушова М.Х.,Эскиева Л.К.
Малыкхаджиева Х.М.
Дийцаре дира хаттарш:

Кхеташонехь дакъалоцуш бара ишколан директоран дешаран декъехула г1оьнчаш а, Эскиева.З.Л.,Солтабиева З. Д.

1. Д1адаханчу 2023-2024-чуй дешаран шарахь нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин декъашхоша бинчу белхан жам1аш дар, карарчу хенахь хьалха лаьтта декхарш дийцаре дар.

2. Методически цхьаьнакхетараллин декъашхойн белхан программаш йийцаре йар, ч1аг1йар.

3. Дешаран шарахь х1ора хьехархочо шена къасто хаьржина анпалш йийцаре йар, ч1аг1йар.

4.Говзаллин (корматаллин) хьехархо кхиар дешаран дикалла лакха йаккхаран политикан коьрта бахьана хилар дийцаре дар.

5. Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин дешаран шеран белхан программа йийцаре йар, ч1аг1йар.

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин хьалхара кхеташо д1айолош цуьнан куьйгалхочо Мутушова М.

Керлачу дешаран шарца декъалбира шеен белхан накъостий, цхьаьна кхетараллин декъашхой.

Цо шен къамелехь кхеташонан декъашхошна бовзийтира 2023-2024 -чуй дешаран шарахь нохчийн меттан, литературинхь хьехархойн методически цхьаьнакхетараллин декъашхоша бина болх. Дешаран шарахь к1оштан а, республикин а т1ег1анашкахь дешархошаа, хьехархоша а дика кхиамаш бахар дийцаре дира.

Дешархоша йоза-дешар 1амош, кхетош кхиоран болх беш д1ахьон болх лакхарчу т1ег1ане баккха дезар билгалдаькккхира Мутушова М.Х.. Пох1малла долу бераш а, хаарш ледара долу, г1орасиз дешархой а тидамехь латтош къаьстина бен болхшена т1е тидам бахийта безаш хилар дийцаре диллира цо. Дешархой шайн пох1ма зуьйш журналийн, газетийн аг1онаш т1ехь зорбане бийлар мехала болам хилар тидаме диллира методически цхьаьнакхетараллин куьйгалхочо.

Хьехархой Эскиева Лиза а, Малыкхаджиева Хадижат а йистхилира цуьнах лаьцна шайна хетарг олуш.

Методически рузманан хьесапаш дийцаре деш, царна т1ехь бен болх кхоллараллин а, талламийн белхийн а барамаш*(дешнийндукхалла)* билгал а бохуш, тексташ къастийна хила йезар билгалдаькккхира ишколан дешаран декъан доладархочо Алиева М.С. .Нохчийн литература хьехарсахьташна билгалйаьхначу говзарийн хlора хьехарсахьтана билгалйаьккхина коьчал хила йезар а тидаме диллира цо цхьаьнакхетараллин декъашхошна.

Дешаран шарахь хlора хьехархочо шена хьалха къасто хаьржина методически анпал йийцаре йира кхеташонан декъашхоша. Цхьана анпална т1ехь масийтта шарахь болх бар методикина агlор нийса ца хилар довзийтира ишколан дешаран декъан доладархочо Алиева М.С. Дешаран шо чукхдолуш шаьш болх бечу анпална рефераташ йазйан йезар билгал а даькккхира цо.

Говзаллин (корматаллин) хьехархо кхиар дешаран дикалла лакха йаккхаран политикан коьрта бахьана хилар дийцаре деш к1орггера чулацам болуш къамел дира ишколан дешаран декъан доладархочо Алиева М.С... Хьехархо дешархошца цхьаьна къахьоьгуш керлачу инновационни технологешца болх беш хила везар тидаме диллира цо.

Нохчийн меттан, литературин хьехархойн методически цхьаьнакхатараллин 2024-2025 чуй дешаран шеран белхан программа йийцаре йира кхеташонан декъашхоша. Цхьаьнакхетараллин хlора декъашхочун дешаран шарахь бан беза болх билгал баькккхина бу, диллина хьехарсахьташ, классал арахьа бан лерина болх къастийна бу, царна жоьпаллин берш билгалбаьхна а бу.

Хьесапан чулацамах шайна хетарг элира кхеташонан декъашхоша Мутушова М.Х.а,Эскиева Л.К.

Т1едиллар, кхеташонан сацам:
5–11-чуй классашкахь нохчийн меттан
хьехарсахьташкахь дешархошка талламан белхаш йазбайтар
(диагностически срез).
Цхоьалг1ачу классашкахь норманийн барамашкахь йеша хааран мах хадор.
Йолхалг1ачу классехь диллина хьехарсахьт д1адахьар.

**Нохчийн меттан,литературан МО-н куьйгалхо:** ____________ Мутушова М.Х.